


# *KUGADZWA KWEMADHIKONI*

 Zvino, ndizvo kuti, kuti chekutanga kugadzwa kwemadhikoni muchechi. Uye chechi yedu diki pano inozvimiririra. Haina chero sangano kana chero chinhu chinotumira madhikoni acho, inozvisarudzira madhikoni ayo. Inosarudza mufundisi wayo, inosarudza matirastii ayo, inosarudza zvose zvinopinda nokubuda muchechi. Hapana munhu mumwe ane simba rokutaura pamusoro pechero chinhu, zvinoitwa nechechi. Zvino chechi ndeavo vanouya kuzotsigira chechi nekuvapo kwavo, nezvegumi nemipiro yavo, ndivo vanogara vari ivo vane chekutura chiri pamurawo mukugadzwa kwevakadaro.

<sup>2</sup> Uye ndinoda kutenda boka rekare ramadhikoni, uye ndinozviture kubva pano kuitira chechi yose. Kana chero mumwe wehama idzodzo ari pano, vaiva Hama Cox, Hama Fleeman, uye Hama Higginbotham neHama Deitzman, vakatiitira basa rakanaka, vakapa Ishe, mutabhenakeri ino.

<sup>3</sup> Uye nguva nenguva, maererano nemitemo yechechi, gore negore, madhikoni kana matirastii vanobva vazadzisa nguva yavo. Uye kana vachida kudzoka, zvakanaka. Kana vasingade kudzoka, zvino vanogona kuisa vamwe munzvimbo dzavo, kuti boka iri rasiya basa.

<sup>4</sup> Uye humwe husiku ndakadaidza boka rematirastii, zvino pave neboka idzva rematirastii. Ndacherechedza Hama Luther McDowell pano manheru ano, tinofara kuvaona vari muno, vanga vambori muboka rematirastii. Ndakadzika zasi svondo rino kuti ndione uye ndiongorore kuti kuve nefotokopi ingagadzirwa, iyo ichapiwa kuchechi, zvakare. Kutu matirastii echechi zvino ndiHama William Morgan, Hama Mike Egan, uye Hama Banks Wood, uye naHama Roy Roberson. Uye vose ndeve muguta rino, kunze kweHama Roberson vanogara pakati pemaguta maviri. Ishe vazviona zvakanodzera muvarume ivavo, uye vanga vari varume vanoremekedzwa, uye zvino vagamuchira basa sematirastii echechi ino.

<sup>5</sup> Zvino apo musangano uyu wanga uchienderera mberi, uye ndakaudzwa nemutevedzeri wemufundisi kuti isu, tiri kuzosarudza rimwe boka idzva remadhikoni, kuti ava vakanga vashanda nguva yavo yakakwana uye—uye ndokusiya basa, zvino kwakazosarudzwa mamwezve madhikoni. Zvino, chechi. . . Maitirwo azvo, ndeekuti, bhodhi rinogona kusarudza madhikoni, varume vavakawadzana navo ndokuwana vari vanhu anoremekedzwa uye vakarurama.

<sup>6</sup> Hofisi yemudhikoni ihofisi huru kwazvo, uye kukudzwa rukuru kunaShe kuva mudhikoni muchechi. Zvino saka,

mumusangano humwe husiku, mumwe murume akataurwa nezvake kwandiri. Zvino pakusangana nemufundisi, raitevera . . . Chishanu chino chapfuura, izvo zvakabvumiranwa nomurume uyu kuti ava vakanga vari varume vanoremekedzwa uye vakarurama.

<sup>7</sup> Mumwe murume wechidiki wvakanga vawana, akanga asina kunyatsokodzera (kwete nokuti akanga asiri mhando yemurume akakodzera), mumwe akataurwa nezvake nemumwe wemurume anoremekedzwa weboka redu rematirastii. Asi apo mufundisi neni patakauya pamwe chete, uye ndakabvunza zera remurume wechidiki uyu, akanga achangodarika makore makumi maviri ekuberekwa. Murume anoremekedzwa, akarurama, uye wemazvirokwazvo, asi ndokuzoona kuti akanga ari jaya. Bhaibheri rinoda kuti mudhikoni ave murume akarooro. Anofanira kuva murume womudzimai mumwe chete.

<sup>8</sup> Uyezve mumwe murume akanga achiremekedzwa kwazvo, akakodzera kwazvo pabasa racho uye angadai aizova murume akavimbika, sekudomwa kwaainge aitwa nehama. Zvino mushure mekuferefeta nyaya yacho, kuti hama yacho yakanga ichangobva kupinda muKutenda kuno, mudzimai wayo haatendi maKuri. Ipapo izvozvo zvakasakodzeresa murume wacho pahofisi. Nokuti anofanira kuva nemhuri yake yose yakazviisa pasi, vanofanira kuvawo zvakare muKutenda, nokuti kunenge kuri kupesanisa.

<sup>9</sup> Uye tiri kuvaka zvino, uye tinoda kugadza chechi ino. Uye semutariri mukuru wechechi, ndinofanira kuona kuti inochengetwa, zviri maererano neMagwaro, zvinhu zvose zviri paShoko.

<sup>10</sup> Uye saka nokudaro, zvino, zvakaonekwa zvakanaka nebhodhi nomufudzi, pamwe nomutariri, kusarudza muboka revanhu riri pano iri vamwe varume vatinofunga kuti varume vanoremekedzwa uye vakarurama. Tinogona bedzi kuvauza. Uye ndipo, ipapo, pavanogadzwa nechechi, nevhoti yavo pachavo. Zvino varume ava vachashumira, kana vachinzwa kuti vachagamuchira hofisi iyi. Ipapo vachauya kwenguva duku, kuti vaone kana vachinzwa kuti zvimwe Mwari vakavadana. Uye kana gare-gare, kana vakazonzwa kuti havana kukodzera, zvino, vane kodzero mumavhiki mashoma anotevera kusiya hofisi yacho, kuti mumwe munhu agoiswa pachinzvimbo chavo.

<sup>11</sup> Zvisinei, pakutanga kwerumutsiriro urwo (kana Mwari vachida) rwandinoda kuzoita muno mutabhenakeri kana ndangozorora, ipapo ini—ipapo ini. . . tichagadza madhikoni aya nekuturika maoko, madhikoni nemubati wehomwe muchechi ino. Asi kutanga vanofanira kusarudzwa uye—uye voona kuti vanozvifarira sei uye kuti unganano inozvifarira sei. Zvino kana zviri—zvino kana zvirizvo zvakanaka kumativi ose, tobva taita

varume ava madhikoni vakagadzwa, sezvinongori maTirastii anosarudzwa nenzira imwe cheteyo.

<sup>12</sup> Ndiko kuzvitonga pamwe nemutemo wechechi, kubudikidza neShoko raMwari. Nokudaro, naizvozvo, ivo havagone kungotaura kuti “Ndinofunga kuti murume uyu angave murume akafanira,” handizvo izvozvo, “Hama Neville vanofunga kuti murume uyu angave murume akafanira,” kana “boka rematirastii rinofunga kuti murume uyu angave murume akafanira.” Zvinofanira kuitwa kuburikidza nechechi! Hapana anoita chinhu omene pano. Ivhoti yechechi. Ichechi inozvitonga.

<sup>13</sup> Bumbiro remitemo rekare rakaparadzwa mumafashamo emuna 1937. Isu takaikopa zvakare, uye richarembedzwa pamadziro pano munguva pfupi, mabasa ematirastii, madhikoni, vabati vekomwe, nevakadaro, mufundisi, vabatidzani, uye nevamwe vakadaro.

<sup>14</sup> Nyenasha dzaMwari, zvakataurwa kwandiri, uye nevhota iri zvikamu zana kubva muzana kuburikidza nebhodhi rechechi ino, kuti vakaona kuti Hama Hollin Hickerson kuve vari murume akarurama, anoremekedzwa, uye zvichienderana nechinzvimbo ichi kugamuchira ru—rukudzo rukuru rwekuva mudhikoni wetabhenakeri iyo ino.

<sup>15</sup> Zvakare, tawana, uye kubudikidza nevhota yebhodhi, kuti Hama Collins zvakare vakawanikwawo zvakare vari murume anoremekedzwa uye akarurama. Zvavari mushumiri, pachavo, saka tinovakumbira kuti vaue kuzova mu—mudhikoni wechechi; uye kwete mudhikoni bedzi, asi mubatsiri weHama Neville, uye pamwe kune imwe kirasi yeSunday school, kana kutora nzvimbo yeHama Neville, kana chero chipi zvacho chiri kutarisirwa kwavari kuti vave mubatsiri weHama Neville. NdiHama Collins.

<sup>16</sup> Uye, zvakare, chechi yakawana, mukufarira, kuti Hama Tony Zabel, murume anoremekedzwa uye akarurama, uye vakafarirwa pamberi peboka rematirastii nevafundisi, kuvakumbira kuti vagamuchire hofisi yemudhikoni mutabhenakeri iyo ino.

<sup>17</sup> Uye kwakumbirwawo zvakare, uye pakawanikwa murume anoremekedzwa pakati pedu... (Kwete...ava havasi ivo voga vanhu vanoremekedzwa, zvino, asi kuti vakangosarudzwa nebhodhi.) Hama Taylor vokuHenryville, kana kuti Memphis, ndinotenda ndizvo, Memphis, Indiana. Vava nesu kwenguva yakati kuti, vachishanda semuasha uye chero chingave chii. Kutu chechi yawana nyasha kwavari, kana kuti bhodhi nevafundisi, kuti vazogamuchira hofisi hu—huru yokuva mudhikoni wetabhenakeri iyo ino.

<sup>18</sup> Uye zvakumbirwawo zvakare kuti mukuwasha weHama Mike Egan, Hama—Hama Bob Harned, vakasarudzwa nebhodhi uye nevafundisi, kuti vagamuchire chigaro semubati wehomwe

wetabhenakeri iyo ino, rinova basa rinoremekedzwa, uye rinoda nduramo nokukudzwa.

<sup>19</sup> Mukuita izvi, ndinofunga, hama dzangu, kukudanai kubva pano, kuti kungave kukudzwa kukuru kwamuri. Uye kwete izvozvo chete, asi chimwe chinhu chekuita.

<sup>20</sup> Panguva ino ndichaita kuti Hama Neville, mubatsiri wedu, kuti averenge zvinotarisirwa pamudhikoni. Hama Neville, kana mukazviverenga kubva muShoko raMwari. [Hama Neville vanoverenga Timotio Wokutanga 3:8-13—Mupepeti]:

*Saizvozvo madhikoni ngavave vakatsiga, vasina manzwi maviri, vasingadi waini zhinji uye vanokarira pfuma yakaiipa;*

*vanochengeta chakavanzika cherutendo muhana yakachena.*

*Naivava ngavatange kuedzwawo; ipapo ngavashande pahofisi yohudhikoni, vawanikwa vasina chavangapomerwa.*

*Saizvozvo madzimai avo ngavave vakadzikama, vasingacheri vamwe, vakasvinuka, vakatendeka pazvinhu zvose.*

*Madhikoni ngavave varume vemudzimai mumwe chete, vanobata vana vavo nedzimba dzavo zvakanaka.*

*Nekuti avo vanoshumira zvakanaka hofisi yehudhikoni vanozviwanira zita rakanaka, nokushinga kukuru pakutenda kuri muna Kristu Jesu.*

<sup>21</sup> Amenii. Ini panguva ino ndichakumbira hama idzi dzadanwa, kana vakangofamba vachiuya kuno kupuratifomu kwekanguvana. Uye apo tichikotamisa misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate, ndinovada kuti... Uye chechi inoziva kuti chii ichi, kuti uku kusarudza bhodhi renyu remadhikoni nemubati wehomwe wenyu.

<sup>22</sup> Ishe Jesu, tinouya kwaMuri zvino nepfungwa dzakabengenuka, dzoumwari. Tinouya mukuremekedza Shoko Renyu Dzvene-Dzvene, tinouya tichitenda izvo kuti “Shoko remunhu wese ngarive rinokanganisa, asi raMwari rova rechokwadi.” Uye tine kutenda kwaMuri nokuda kweChechi ino iyo Jesu akatenga neRopa raKe Amene rinokosha, uye akatipa chivakwa chino kuti tinamate tiri machiri.

<sup>23</sup> Uye sevatariri veboka guru iri, iro Mweya Mutsvene wakatigadza kuti tive, tiri kuedza zvino kuunza kuungano ino boka revarume vakavimbika, vakarurama vatinotenda kuti vakazadzwa neMweya uye vakagadzirira hofisi iyi. Sezvakambotaurwa pamusoro peboka remadhikoni, “Endai munotsvaka imi pakati peny, varume vanopupurirwa zvakanaka uye vane Mweya Mutsvene, kuti vashumire zvaka dai, kuchengeta chirikadzi nenherera, kugovera mari, uye nekutarira

mararamiro echechi.” Mumakore akazotevera, tabva kuverenga chinyorwa chamutsvene Pauro uya, mukuru, akazodzwa, uyo akagadza kuziviswa kweMagwaro ezvinodiwa pazvinzvimbo zvakadaro.

<sup>24</sup> Mwari, remekedzai varume ava. Uye zvino isarudzo, Ishe, sekereke yakazvimirira, semutumbi waIshe Jesu, kuti vaite sarudzo. Uye [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . uye nekutungamirira chikamu chino cheshumiro nenzira yakatsaurwa, nemuZita raJesu rakarurama uye dzvene.

<sup>25</sup> Zvino takakotamisa misoro yedu, kwete misoro yedu chete asi nemoyo yedu, uye apo nhengo yese yechechi ino, inouya pano nguva dzose uye yoitsigira nechegumi nemipiro wenyu, uyo anonzi inhengo yechechi ino, apo mufundisi neni, toga, tichitarisa, mutevedzeri wemufundisi, Hama Neville, uye neni takatarisa, Ndichabvunza kana chechi ino ichiwana Hama Taylor kuve murume akarurama uye anokodzera, pakufunga kwenyu kwakanakisa, kuva mudhikoni weboka iri revanhu? Ucharatidza zvimwe chete nekusimudza ruoko rwako. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti] Zvakanaka. Zvino kana paine anopikisa, ungasimudza ruoko rwako here. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti] Ndatenda.

<sup>26</sup> Pane mumwe wenhengo dzechechi ino angawana here . . . uye mose, munoono Hama Hollin Hickerson vari murume akarurama uye anoremekedzwa, uye ari murume anowanikwa pamberi penyu akakodzera kuve mudhikoni wechechi iyo ino? Ungaratidza here nekusimudza ruoko rwako rwerudyi. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti] Kana zvichipesana, simudza ruoko rwako. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti]

<sup>27</sup> Ungano ino inoono Hama Collins kuve zvimwe chete here, murume akarurama uye anoremekedzwa, uye akakodzera basa rokuva mudhikoni wechechi ino? Ungasimudza ruoko rwako here. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti] Zvakanaka. Zvichipesana, ungasimudza ruoko rwako here. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti]

<sup>28</sup> Ungano ino inoono here Hama Tony Zabel vari murume anoremekedzwa uye vakakodzera hofisi iyi, yekuva mudhikoni weboka iri muchechi iyo ino? Ungasimudza ruoko rwako rwerudyi here. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti] Zvichipesana, ungasimudza ruoko rwako here. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti]

<sup>29</sup> Ungano ino inonzwa here kuti Hama Harned murume ane nduramo uye akarurama, uyo ave ainesu kwenguva yakati kuti, kuva mubati wehomwe, munyori-mubati wehomwe wechechi ino, kubata mari yayo uye nokubhadhara zvikwereti zvayo? Kana zvakadaro, simudza ruoko rwako rworudyi. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti] Pane anopesana nazvo

here, simudza ruoko rwako rwerudyi. [Hama Branham vanomira zvishoma—Mupepeti]

<sup>30</sup> Ndinoda kutaura kune ha—hama dzimire panguva ino, pazasi pemuchinjikwa uyu, kuti chechi ino, nezvikamu zana kubva muzana (hapana anopesana zvachose), yakuwanai mese makakodzera pamberi paMwari pahofisi iyi yamadanirwa naMwari.

<sup>31</sup> Zvino, imi, sezvataurwa, “Regai ivava vatange vaedzwa, uye voona kuti vanoda hofisi iyi here.” Mumavhiki mashoma, Mwari vachitendera, ndichadzoka kuzoisa maoko pamusoro peboka iri revarume, kuvaita ivo vari pamutemo matirast-...kana kuti madhikoni echechi ino, nemubati wehomwe.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana:

<sup>32</sup> Ishe, tinofara manheru ano kuti pane varume vachiri kurarama panyika vanogona kufamba zvine humwari pamberi penyika; nehumwari chaihwo zvekuti tabhenakeri, ine mirairo yakaoma seine ino, vanogona kuvhotera vanhu vashanu pachinzvimbo sevaturungamiri vavo, pasina vhoti imwe chete inopikisa. Tinofara nokuda kwavo, uye tinonzwa kuti Manga muinesu mukuita sarudzo idzi, bhodhi uye nesu vafundisi.

<sup>33</sup> Mwari, ropafadzai varume ava. Uye dai vashanda muhofisi iyi nemoyo yavo yose, vachiziva kuti iri kuvawanira zita rinokudzwa kwazvo kuDenga. Rimwe zuva apo Mabhuku eKudenga paachavharwa, dai Bhuku revanhu vekudenga uye nemuBhuku guru reKudenga razarurwa, dai mazita avo ave zvikamu zana kubva muzana pamberi paMwari neMuponesi nehondo yose yeKudenga, kuva zvimwe chete muHumambo hwaKe. Varopafadzei, Ishe, uye dai vakashumira hofisi ino zvakanaka. MuZita raJesu tinoKutendai nokuda kwavo. Amenii.

<sup>34</sup> Ndiri kungoda kukwazisa maoko enyu, [Hama Branham vanokwazisana navo—Mupepeti] Hama Harned, neHama Zabel, neHama Collins, Hama Hickerson, naHama Taylor. Ndinofara zvikuru kuziva kuti nguva yose iyi takawadzana nevarume vanoremekedzwa vakadaro. Mwari vakuropafadzei zvino. Uye tichakuonai pakare ipapo, mushure mekunge ndangozorora zvishoma, kuti ndidzoke, uye toona kuti munoda sei hofisi yenyu. Zvakanaka, nevhoto yavo, ndinofunga yanga iri zvikamu zana kubva muzana, pasina kupikisa zvachose.

<sup>35</sup> Oo, hamufari here kuti muri kuwadzana nevanhu nhasi vanogona kurarama pamberi paMwari, vaine humwari, uye vorarama pamberi penyika ino muchinhanho chakadaro? Chinhu chinofadza kwazvo.

<sup>36</sup> Uye ndinofara kwazvo kuziva manheru ano kuti ndine mukana wakanaka we—wekuva nevarume ava pamwe nechechi ino kuve shamwari dzangu. Ndinofara kwazvo kuti Mwari vakanditendera kuzvibanidza neChechi yaVo kwese pasi rose. Oo, vanoovidzwa uye vakarambwa uye vanotaurwa nezvavo,

uye sezvandataura mangwanani ano mumharidzo yangu, pamwe vanaganyamatope, nzira iyo nyika inovatarisa nayo, se “boka revapengereki,” asi Mwari vanovatarisa sevana vaVo. Ndinofara kwazvo naizvozvo. Vanogona kusakwanisa kukuudza kuti mamaira mangani kunosvika kumwedzi. Vanogona kusakwanisa kukuudza nezve hurongwa hwese hwenyeredzi muchadenga uye nokuti hunoshanda sei. Asi pane chinhu chimwe chete chavanoziva, vanoziva nguva yavakazvarwa patsva. Ndinofara kwazvo nokuda kwavo.

<sup>37</sup> Uye semufananidzo mudiki wandakadzidza, uye ndichaubatanidza manheru ano nevasikana vangu vadiki vaviri kuti tigonyatsozvzvwisa, kuzviita kuti zvive zvechokwadi kwatiri, kuti munzwise zvazvinoreva. Mamwe mangwanani, ndichimuka kubva pamubhedha...Ndine vasikana vadiki vaviri. Mumwe wavo ndiRebekah, uye mumwe wavo ndiSarah, uye vasikana vadiki vababa.

<sup>38</sup> Uye ndine mukomana mudiki, Joseph. Ndaibva kuChattanoga, kubva mune mumwe musangano humwe husiku, pandaive ndiri ikoko mumbuserere iyi yekupedzisira. Uye ndakanga ndiri mumo—motokari, ndichienda nemwanakomana wangu mukuru, Billy. Mudzimai wake naMeda vaive mumota, uye nevasikana. Uye sezvo apo taienda hedu, hapana akanga ataura chinhu kwekachinhambwe. Uye ndakanga ndachekeka zvakanyanya pavanhu husiku ihwohwo pamusoro pemaitiro avaiita. Zvino hapana akanga ataura chinhu. Zvino Joseph muduku akauya ndokundibata pabendeke, akati, “Baba, chokwadika maparidza manheru ano!”

<sup>39</sup> Zvino mangwanani ano, pandanga ndichibuda ndichikwidza kuna Eighth na Tenth Street, iyo...kana kuti Penn na Tenth, waro, hapana anga ataura chinhu, mudzimai nevasikana vaviri. Uye Joseph mudiki abata bendekeke rangu zvakare, ati, “Baba, ndizvo, ndafarira kuparidza ikoko mangwanani ano,” adaro.

Ndikati, “Zvakanaka, ndine anondifarira mumwe chete, ndiye mwanakomana wangu.”

<sup>40</sup> Zvino kune kachitaurwa kedu kadiki. Ndamuka mamwe mangwanani, ndakagara mukamuri, Becky mudiki akauya achimhanya uye, toti, akagara pagumbo rangu ndokundimbundira noruoko rwake, zvino iye musikana mudiki wababa. Uye akanga akandimbundira. Zvino Sarah mudiki akasvetuka kubva pamubhedha nehembe dzake dzekurarisa ndokubva, toti, auya achimhanya achitevera. Ndiye mudiki ane maziso ebhurauni.

<sup>41</sup> Becky mudiki ndokuti, “Oo, Sarah, hapana chikonzero chekuti uuye, nekuti ndina Baba vese pachangu. Baba ndevangu vese!” Zvino Sarah mudiki, tumiromo twake tudiki twakadonhera pasi, maziso ake madiki ebhurauni akazara

misodzi. Ndakaninira *kudai* ndokuburitsa rimwe ibvi, zvino iye ndokuuya akagara pariri.

<sup>42</sup> Becky ane makumbo akareba, saka aisvika pasi. Sarah mudiki aigabha-gabha, saka ndakambundira Sarah nemaoko ose. Sarah mudiki akatarisa kuna Becky ndokuti, “Becky, unogona kuva naBaba vose, asi Baba vaneni wose!”

<sup>43</sup> Uye ndinofunga kuti ndozvazviri pano. Tinogona kusaziva zvese zvedzidzo yebhaibheri nemashoko ose makuru echiGiriki, boka rino revanhu ringasaziva. Asi pane chinhu chimwe chete chechokwadi, ndinotenda kuti Jesu anesu tose. Amen.

Zvakanaka, Hama Neville.





*KUGADZWA KWEMADHIKONI* SHO58-0720E  
(The Placing of Deacons)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NE DZIDZISO ZVEKEREKE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 20 Chikunguru, 1958, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)